

DOKUMEN NEGARA

SANGAT RAHASIA



NAMA :

NO :

PENILAIAN TENGAH SEMESTER GANJIL

MI PSM SATRIYAN

TAHUN PELAJARAN 2022 / 2023

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Kelas : 4A

Hari / Tanggal : Kamis, 13 Oktober 2022

Waktu : 09.00 – 10.15

- I. Jawablah pertanyaan dibawah ini dengan menuliskan huruf a,b,c atau d sesuai jawaban yang paling benar pada kolom yang telah disediakan!**

Gatekna geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli soal nomor 1 – 5!

Sapu Sada

Dening Astuti

Jumat asri

Resik lan sehat

Cancut tali wanda

Nandur kabecikan

Cilik gedhe bagus ayu

Ora mung padha gumuyu

Ora tinggal glanggang colong playu

Tumuju adiwiyata murih rahayu

Crah agawe bubrah

Rukun agawe santosa

Guyub rukun kaya sapu sada

1. Saben dina jumat dianakake kagiyatan
 - a. Jalan sehat
 - b. Sinau bareng
 - c. Resik-resik
 - d. Penjelajahan
2. Nalika kerja bakti padha tumandang kanthi nandur kabecikan.
Tembung “nandur kabecikan” tegese
 - a. Tumindak ala
 - b. Tumindak apik
 - c. Ngajak tukaran
 - d. Ngajak sinau
3. Sajroning tandang gawe kabeh dikantheni rasa
 - a. Sedhih
 - b. Seneng
 - c. Wedi
 - d. Trenyuh
4. Crah agawe bubrah. Tembung “crah” tegese
 - a. Ngajak musuhan
 - b. Golek paseduluran
 - c. Ngajak gotong royong
 - d. Tansah guyub rukun

5. Sing dadi temane geguritan ing nduwur yaiku
 - a. Urip cecongkraham
 - b. Ngajak guyub rukun
 - c. Seneng tukar padu
 - d. Seneng nyambut gawe
6. Salah sijine jinis karangan sastra jawa sing dikarang kanthi nengake rasa kaendahan diarani
 - a. Cangkringan
 - b. Geguritan
 - c. Parikan
 - d. Paribasan
7. Geguritan iku ing Bahasa Indonesia diarani
 - a. Pantun
 - b. Paribasa
 - c. Puisi
 - d. Syair
8. Tembung-tembung sing dipilih kanggo nulis geguritan, yaiku tembung-tembung kang
 - a. Mentos lan manteni
 - b. Lumrah digunakake
 - c. Angel digunakake
 - d. Ora tau digunakake
9. Sajroning maca geguritan mobah-mosiking awak kuduk cocog karo isi karepe geguritan diarani
 - a. Ekspresi
 - b. Artikulasi
 - c. Kinestik
 - d. Wirama
10. Nalika maca geguritan swarane kudu
 - a. Lirih wae
 - b. Rada banter
 - c. Banter terus
 - d. Los lan banter
11. Supaya bisa maca geguritan kanthi becik kudune
 - a. Bisa ngarang
 - b. Pinter nembang
 - c. Ngerti pengarang
 - d. Paham isine
12. Sajroning nulis geguritan sing diutamakake diksi. Sing diarani diksi yaiku
 - a. Penganggane wirama
 - b. Pangangen – angen
 - c. Penganggane gaya Bahasa
 - d. Pamilihing tembung
13. Sing diarani teks pirembugan yaiku
 - a. Tembang

- b. Geguritan
 - c. Pacelathon
 - d. Gancaran
14. Ciri-ciri teks pirembugan yaiku
- a. Basane kudu nggunakake Bahasa endah
 - b. Tetembunge angel dingerteni
 - c. Ukarane awujud pacelathon (dialog)
 - d. Ukara sing digunakake kudu dawa
15. Tata krama sajroning pirembugan, yaiku
- a. Rembukan mung karo wong sing becik wae
 - b. Saora-orane bisa gawe loro atine wong liyo
 - c. Nggunakake tetembungan sing becik lan sopan
 - d. Nalika rembugan ora perlu nganggo basa
16. Gunane tata krama sajroning pirembugan, yaiku
- a. Awake dhewe malih digetingi wong akeh
 - b. Akeh wong sing maido marang awake dewe
 - c. Awake dhewe diajeni/disungkani wong akeh
 - d. Awake dhewe malih ora duwe kanca
17. Hadi mau diceluk bapak nanging ora krungu.
Tembung “diceluk” benere
- a. Didukani
 - b. Ditimbali
 - c. Diutus
 - d. Didhawuhi
18. Bu guru saiki isih durung gelem mangan.
Tembung “gelem mangan” tegese
- a. Purun nedha
 - b. Purun dhahar
 - c. Kersa nedha
 - d. Kersa dhahar
19. Bapak isih durung gelem turu.
Ukara iki yen diowahi dadi ngoko alus yaiku
- a. Bapak isih durung kersa tilem
 - b. Bapak isih durung kersa sare
 - c. Bapak isih durung purun tilem
 - d. Bapak isih durung purun sare

Gatekna teks pirembugan ing ngisor iki kanggo mangsuli soal nomor 20-23

Kiki : “Bu, kulo benjing mboten mlebet”

Ibu : “ Geneya kok ora mlebu?”

Kiki : “amargi benjing mboten wonten wulangan”

Ibu : “geneya kok ora ana wulangan?”

Kiki : “ benjing kagiyatanipun namung kerja bakti”

Ibu : “Terus karo gurumu didawuhi nggawa piranti apa?”

Kiki : “kula dipunutus mbekta kain pel”

20. Sapa sing nindakake pirembungan?
 - a. Kiki lan ibu
 - b. Kiki
 - c. Ibu
 - d. Diki
21. Geneya kiki sesok ora mlebu sekolah ?
 - a. Amerga sesok ora ono wulangan
 - b. Amerga kiki loro
 - c. Amerga tanggal abang
 - d. Amerga kiki kesel awake
22. Kiki nggawa piranti apa ?
 - a. Sulak
 - b. Sapu
 - c. Kain lap
 - d. Kain pel
23. Geneya sekolahe kiki ora ono wulangan ?
 - a. Amerga enek acara
 - b. Amerga ngenekake kegiatan kerja bakti
 - c. Amerga sekolahane lomba
 - d. Amerga ora ono gurune
24. Ngenani wirama, banter lirihe swara, lan dawane cendheke utawa kaleme diarani
 - a. Artikulasi
 - b. Ekspresi
 - c. Kinestetik
 - d. Intonasi
25. Blekithi alit ringkih, tegese “alit” yaiku
 - a. Gedhe
 - b. Cilik
 - c. Rosa
 - d. Kesel
26. Ngisor iki strukture geguritan, kajaba
 - a. Basa sing digunakake basa endah
 - b. Pilihane tembung mentes lan mentesi
 - c. Nggunakake lelewane basa (gaya bahasa)
 - d. Nggunakake tegese kang sipat kayal
27. Gaya Bahasa ana ing geguritan kasebut uga
 - a. Artikulasi
 - b. Lelewane basa
 - c. Rima
 - d. Kinestik

28. Esok awan bengi aku
- Kanggo nemtokake cita-citaku
- Tembung kang cocog kanggo ngiseni ceceg-ceceg ing nduwur , yaiku
- Turu
 - Mlayu
 - Sinau
 - Nesu
29. Pamilihing tembung kang trep lan bisa nuwuhake kaendahan sajroning geguritan diarani
- Sajak
 - Amanat
 - Diksi
 - Tema
30. Masalah pokok sing ditulis ana geguritan diarani
- Sajak
 - Amanat
 - Diksi
 - Tema
31. Pesen sing disampekné ana ing geguritan diarani
- Amanat
 - Sajak
 - Tema
 - Diksi
32. Teks sing awujud dialog lan ditindakake saora-orane wong loro diarani
- Dongeng
 - Deskriptif
 - Geguritan
 - Pirembungan
33. Supaya ngirit banyu, nalika adus becike migunakake
- Gayung
 - Shower
 - Kran
 - selang
34. nyirami tanduran utawa kembang-kembang iku becike wayah
- Esuk lan sore
 - Awan lan bengi
 - Awan lan sore
 - Esuk lan awan
35. Ngisor iki kang dudu paedahe tata krama sajroning pirembungan, yaiku
- Disegani uwong
 - Akeh sing nyenengi
 - Dipegeli wong okeh
 - Nduwe konco okeh

36. Bahasa rinengga uga diarani basa
- a. Endah
 - b. Elek
 - c. Angel
 - d. Bingung
37. Kepengin urip penak kudu tansah nindakake
- a. Karukunan
 - b. Cecongkraham
 - c. Bubrah
 - d. Satru
38. Ukara sing ditengeri tanda (?) yaiku ukara
- a. Ukara pakon
 - b. Ukara langsung
 - c. Ukara pitakon
 - d. Ukara pawarta
39. Sajroning pirembukan aja nyela-nyela
- a. Omongan
 - b. Dolanan
 - c. Tindak laku
 - d. Tembung
40. Ambi konco kudu tansah
- a. Tukar padu
 - b. Gelutan
 - c. Guyub rukun
 - d. musuhan